

Chè paran oswa responsab:

Pitit ou a ap resevwa sèvis sante ak/oswa akomodasyon rezonab nan lekòl ak pwogram/aktivite DOE dapre seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la. Sèvis sa yo ede yon elèv ki gen bezwen sante pou patisipe nan lekòl sou yon baz egal tankou kamarad li ki pa gen andikap. Pa egzanp: yo ka bay elèv ki gen yon pwoblèm medikal medikaman nan lekòl la dapre enstriksyon founisè swen sante li, oswa elèv ki gen pwoblèm pou wè oswa tande ka chita tou pre tablo a.

Biwo Sante Lekòl revize demand akomodasyon medikal chak ane lekòl pou konfime si pitit ou a bezwen sèvis ak/oswa akomodasyon medikal nan lekòl, epi pou mete lekòl la okouran nenpòt chanjman ki fèt pou asire yo satisfè bezwen pitit ou a.

Pou prepare pou ane lekòl kap vini an, tanpri:

- Mande founisè swen sante pitit ou a pou l ranpli [Fòm pou bay medikaman dyabèt](#), [Fòm pou bay medikaman, ak/oswa Fòm tretman medikal yo preskri](#). (kole yon tifoto resan nan kwen agoch anlè a).
 - Aprè founisè swen sante pitit ou a fin revize fòm yo, siyen paj ki nan do fòm yo epi mete enfòmasyon ou pou yo kontakte w. Ou dwe siyen fòm yo pou pitit ou a ka kòmanse resevwa tretman medikal/medikaman nan menm enfimyè lekòl la.
- Voye fòm pou bay medikaman dyabèt ou fin ranpli a, oswa fòm pou bay medikaman, ak/oswa fòm pou tretman medikal yo preskri bay enfimyè lekòl la **1ye jen 2025, oswa pi vit posib**, pou asire pitit ou a resevwa sèvis li otorize pou resevwa nan kòmansman ane lekòl 2024-2026 lan.
- Pou mande nouvo okomodasyon oswa fè modifikasyon nan plan 504 pitit ou a genyen kounye a: voye [fòm pou demand akomodasyon medikal \(Medical Accommodations Request Form with Addendum\)](#) la (founisè swen sante pitit ou a ranpli) bay kowòdonatè 504 lekòl ou a, ansanm avèk [fòm demand paran pou akomodasyon Seksyon 504 ki gen otorizasyon HIPAA ladan pi vit posib anvan fen ane lekòl la](#) pou asire akomodasyon yo an plas pou premye jou pwochen ane lekòl la.

Yo ka voye fòm pou bay medikaman pou dyabèt, fòm pou bay medikaman, ak/oswa fòm pou tretman medikal yo preskri yo apre fen ane lekòl la nan fason sa a:

	<u>Voye yo pa imèl bay borough</u> <u>kote pitit ou a prale lekòl la</u>	<u>Lapòs</u>	<u>Faks</u>
Fòm pou bay medikaman pou dyabèt	OshDMAF@health.nyc.gov	Attn: Kowòdonatè DMAF New York City DOHMH Office of School Health 42-09 28th Street, CN-25 Queens, New York 11101-4714	Bronx & Manhattan: 347-396-8945 Brooklyn ak Staten Island 347-396-8933 Queens: 347-396-8932
Tout lòt fòm pou bay medikaman ak fòm pou tretman medikal yo preskri	BronxMAF@health.nyc.gov BrooklynMAF@health.nyc.gov ManhattanMAF@health.nyc.gov QueensMAF@health.nyc.gov StatenIslandMAF@health.nyc.gov	Attn: Director of Nursing New York City DOHMH Office of School Health 42-09 28th Street, CN-25 Queens, New York 11101-4714	